

Entwoudi Big Apple Connect.

Yon patenarya ant Vil New York
la ak Optimum.



Pwofite bon jan siyal Entènèt rapid ak chèn Televizyon GRATIS.

Biwo Teknoloji ak Inovasyon (Office of Technology and Innovation, OTI) Vil New York la ak Optimum kontan anonse yon patenarya ki pote pou ou pwogram Big Apple Connect la nan Vil New York, pou bay rezidan ki nan pwopriyete NYCHA yo bonjan Entènèt ak chèn Televizyon ki rapid gratis.

Lè ou enskri nan pwogram lan, Big Apple Connect pral ba ou 500 Mbps entènèt, sèvis Debaz pou Televizyon, ki gen ladan ekipman ak instalasyon pou kay ou.

Kit ou se yon kliyan Optimum pou kounye a, yon kliyan k ap chanje founisè, oswa ki fenk ap resevwa entènèt pou premye fwa lakay ou, li fasil pou w enskri, epi pa genyen okenn fòmilè pou ou ranpli ni ou pa bezwen reponn ak okenn egzijans sou revni.

1. Rele yon reprezantan Optimum pou ou enskri:
Nimewo pou w rele: 866.580.0478
Lè pou ou rele: Lendi rive samdi apati 10:00 am -7:00 pm
2. Bay adrès ou nan youn (1) nan pwopriyete NYCHA kap patisipe
3. Pwograme instalasyon an

Èske ou deja genyen sèvis entènèt ak/oswa chèn televizyon ak yon lòt founisè? Se ou menm ki responsab, antanke abònè a, pou w anile sèvis sa yo aprè yo fin enstale sèvis Big Apple Connect ou yo lakay ou.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, kontakte nou:



Nan Telefòn:
866.580.0478



Sou entènèt:
optimum.com/bigappleconnect



An pèsòn nan yon magazen Optimum
ki nan rejyon ou an. Vizite optimum.com/stores pou jwenn pa ou an.

NYCOTI
Office of Technology & Innovation

optimum.

Optimum genyen Tèm Sèvis ki aplike pou Big Apple Connect, vizite optimum.com/terms. Big Apple Connect atravè Optimum Disponib sèlman pou rezidan ki nan pwojè devlopman Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) Optimum ap bay sèvis. Ou pa kapab transfere òf sa a bay lòt moun, ou pa kapab ajoute lòt òf sou li, li limite a nivo sèvis yo di a, epi li pa disponib tout kote. Genyen plis lòt modalite, restriksyon ak kondisyon ankò. ENTÈNÈT FIB OPTIK: Pa disponib nan tout zòn yo. Jiska 500 Mbps telechajman/jiska 500 Mbps chajman. Kote yo bay 500 Mbps entènèt lan ak kab rezo, jiska 500 Mbps telechajman/jiska 20 Mbps chajman. Piblisite a konsène vitès siyal pou koneksyon entènèt ak kab. Vitès siyal aktyèl yo kapab varye epi yo pa garanti, konsilte optimum.com/speedfactors pou w jwenn plis enfòmasyon. TELEVIZYON DEBAZ: Mande pou tout televizyon yo genyen yon plòg pou antre HDMI la. Se pa tout kontni ki transmèt atravè Altice One ki an 4K Ultra HD. Kantite chèn Televizyon, chèn ki an HD ak fonksyonalite yo depann ki plan ou genyen ak nan ki zòn ou ye. Ou kapab mande kèk chèn anplis men sa ap koute plis kòb. Tout sèvis ak chèn yo kapab pa disponib nan tout zòn yo. EKIPMAN, TAKS AK FRÈ: Enstalasyon estanda gratis. Yo bay youn (1) Pòtay gratis. Limit lan se youn (1) pou chak fwaye. Youn (1) ralonj WiFi disponib si teknisyen Optimum ou an oswa machaswiv kalibraj kay ou an mande sa. Gen lòt ralonj WiFi ki kapab nesesè pou konekte tout rezidans abònè an nèt sou wireless. Ka bezwen satisfè egzijans ki pi piti yo pou sistèm lan ak konfigirasyon ekipman an. Yo bay premye dekodè a gratis, ou pral peye pou lòt ekipman yo nan youn to nòmal chak mwa. Gen plis sèvis ankò, tankou vitès siyal entènèt ki pi rapid, plan chèn televizyon, ak telefòn pou kay ki disponib pou youn lòt frè anplis epi kliyan an pa dwe gen okenn fakti ki poko peye. Tout mak komèsyal ak sèvis yo se responsablite pwopriyètè respektif yo. © 2025 CSC Holdings, LLC, yon filyal Optimum Communications, Inc.